



Mai / Rusama 2021

kirundi

Ni bikubere nk'uko wavyemeye!

(Matayo 8, 13)

**Izigire Yezu!
Trust Jesus!**

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu
Homepage www.go4peace.eu

Bakunzi ba go4peace,

Umwuga wiwe wari wamuvanye kure, gushika ku kiyaga ca Genezareti. Yari umusirikare mu kuru mu ntawangabo z'Abaromani. Mu basirikare basanzwe yari afise ijunja. Niho rero yabwirizwa kwigenza nk'imboneza mu bandi bose babana. Nkako abasangwabutaka bari Abayahudi. Kuri bo yari umunyamahanga, umupagani. Yari asanzwe abizi ko Abayahudi bagendera idini yabo badashobora kwinjira mu nzu yiwe. Itegeko ryabo rirabibabuza.

Iyo ntawangabo yari izi vyinshi. Yari azi ko ko hariho umwigisha karuhariwe yabonetse, kandi ko hari benshi bamwizigiye. Uyo rero ntiyavuga amajambo agaragara. Kukaba nkako mu majambo yiwe harasohokamwo ubukomezi bwari bumaze gukiza abantu benshi. Ivyo yari yarumvise, ni vyo vyatumwe yiyizira kurondera Yezu. Yaramubwiye ati : „umusuku wanje aryamye muhira kandi arababaye cane!“ Nico catumye Yezu ashaka kuja iwe. Ivyo bisigura ko yari yemeye guca kubiri n'amategeko. Ariko iyo ntawangabo ntiyashaka kubimuhatirako, niko kumwishura iti „ntibinkwiye ko winjira mu nzu yanje, pfa kuvuga ijambo rimwe risa, umusuku wanje aca akira. Na jewe n'aho mfise abangaba, ndafise nanje abo ntegeka. Mbwira umwe nti : genda! akagengda, nabwira uwundi nti : ingo! akaza.“ Ukwo kwemera kwarashitse Yezu ku nyota. Niko kumubwira ati : „genda! Ni bikubere nk'uko wavyemeye.“ Muri iyo saha nyene, wa musuku aca arakira.

Hari umunyokuru yampagaye kw'iterfone ambwira ati : „Umve nawe, mw'iparuwasi yacu turonse umupatiri ava muri Afrika kandi akeneye inzu abamwo yegereye isengeru. Niho naca nibuka ca civugo ngo : Kura amaboko mu mpuzu! Bikorane na We! Numvise nkozweko. Niho numva uwumbira ngo : Hum! Hano iwacu, kuharonka inzu? Ubwirizwa kurindira imyaka itanu, uri ku rutonde barindirirako. Ni igikorwa kidashoboka! Niho rero nitora ngasenga, nciye ku musaserodoti yitavye Imana nti : ubu ndakeneye ko umfasha! – Ndaheza rero nja kw'iterfone. Niho naronka inyishu ngo : aho nyene imbere y'isengeru hariho inzu irimwo vyose kandi atawuyibamwo. Ndaheza ndashikira nyeneyo. Ubwo nyene tuyaga neza kw'iterfone. Mu gusozera ikiyago cacu, vyari vyatunganye ivyo guca dukoteshereza iyo nzu wa muvukanyi w'Umunyafrika. Tumaze kwinjira muri nya nzu, naratamariwe. Harimwo ivyo umuntu akenera vyose mu nzu. Nshitse muhira nari nategereye neza ko ari imfashanyo y'Ab'ijuru yatumye bija mu buryo.“ – **Izigire Yezu! Trust Jesus!**

Ku bwa go 4 peace Team

Meinolf Wacker